



MINISTRE DE LA SANTE PUBLIQUE  
ET DE LA LUTTE CONTRE LE SIDA  
CABINET DU MINISTRE

N° 630 / 23.401.2020

V/ Réf/

ITANGAZO RY'UBUSHIKIRANGANJI BWO KUBUNGABUNGA AMAGARA Y'ABANTU

N/ Réf/

NO KURWANYA SIDA RYEREKEYE IKIZA CA CORONAVIRUS MU BURUNDI

Objet:

Kuva kw'igenekerezo rya 11 gushika kurya 13 Ruheshi 2020, harakozwe ibipimo vyo gusuzuma ko ba bantu 32 bari mu bitaro bakurikiranwa n'abaganga ko boba bagifise imigera ya Coronavirus; ibipimo vy'abantu 2 biketsweko boba baranduye ikiza ca Coronavirus batabarijwe n'ibitaro KIRA HOSPITAL, hamwe n'ibipimo vy'abantu 63 bamaranye umwanya munini n'aba barwayi batowe umugera wa Coronavirus, bese hamwe bakaba ari 97 bakorewe ibipimo.

Ivyo bipimo twasanze vyifashe gurtya:

- Ibipimo vyo gusuzuma ba barwayi 32 bari mu bitaro vyerekana ko abantu 14 atamigera ya Coronavirus bagifise. Abo bandi 18 naho batarakira, amagara yabo yifashe neza.
- Abantu 2 batabarijwe n'ibitaro KIRA HOSPITAL twasanze bese baranduye imigera ya coronavirus.
- Mu bantu 63 bamaranye umwanya munini naba barwayi batowe umugera wa Coronavirus, 8 baranduye imigera ya coronavirus.

Abo barwayi 14 bakize bari bamaze imisi bakurikiranwa n'abaganga mu bitaro bitandukanye vyo ngaha i Bujumbura baronkejwe uburenganzira bwo gusubira mu miryango yabo.

Igikorwa co gukurikirana abantu bamaranye umwanya munini n'abo barwayi bashasha ukwo ari 10 batowe indwara ya Coronavirus kirabandanya, mu ntumbero yo kumenya abandi boba baranduye.

Ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kurwanya Sida busubiye guhumuriza abenegihugu ngo batekane, ariko bitwararike gukwirikiza impanuro zo kwikingira no gukingira abandi ikiza ca Coronavirus.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 15 Ruheshi 2020

IBIRO VY'UMUSHIKIRANGANJI WO KUBUNGABUNGA  
AMAGARA Y' ABANTU NO KURWANYA SIDA





MINISTRE DE LA SANTE PUBLIQUE  
ET DE LA LUTTE CONTRE LE SIDA  
CABINET DU MINISTRE

N° 630 / 23401 CAB/2020

V/ Réf/

N/ Réf/

Objet : COMMUNIQUE DE PRESSE DU MINISTRE DE LA SANTE PUBLIQUE ET DE LA LUTTE CONTRE LE SIDA SUR LE SUIVI DES ACTIONS DE PREVENTION ET DE RIPOSTE FACE AU COVID-19

En date du 11 au 13 Juin 2020, l'Equipe d'Intervention Rapide du Ministère de la Santé Publique et de la Lutte contre le Sida a effectué des prélèvements de contrôle sur les 32 patients testés positifs au COVID-19 qui sont sous suivi médical ; 2 cas suspects sur alerte de KIRA HOSPITAL ainsi que 63 personnes-contacts ; soit un total de 97 personnes prélevées.

Les résultats des examens virologiques sont les suivants :

- Parmi les 32 anciens patients sous suivi médical, les résultats des tests de contrôle sont revenus négatifs au COVID-19 pour 14 personnes, toutefois l'état de santé des 18 autres est bon.
- Les résultats des 2 cas suspects sont tous revenus positifs au COVID-19.
- Parmi les 63 personnes-contact, 8 cas sont revenus positifs au COVID-19.

Les 14 anciens patients guéris qui étaient sous suivi médical dans différents Hôpitaux de Bujumbura ont eu les billets de sortie.

La recherche et l'identification de toutes les personnes ayant été en contact avec les 10 nouveaux cas positifs au COVID-19 sont en cours.

Le Ministère de la Santé Publique et de la Lutte contre le Sida réitère son appel aux populations à rester sereines, tout en respectant scrupuleusement les mesures de prévention individuelles et collectives contre le COVID-19.

Fait à Bujumbura, le 15 Juin 2020

LE CABINET DU MINISTRE DE LA SANTE PUBLIQUE  
ET DE LA LUTTE CONTRE LE SIDA

